

BAB IV

ASIL SAHA PIREMABAGANIPUN PANALITEN

Ing bab menika kaandharaken asil saha piremabaganipun wujud-wujud kritik sosial saha ekokritik ing salebetipun novel kanthi orah-irahanipun Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg. Jasawidagda. Asilipun dhata kaandharaken kanthi wujud tabel. Wondene tabel-tabel kasebut karembag setunggal mbaka setunggal ing subbag salajengipun. Wondene wosipun panaliten mneika kados wonten ing ngandhap menika.

A. Asilipun Panaliten

1. Prakawis Sosial

Prakawis sosial inggih menika kadadoan ingkang tuwuh wonten ing masarakat

Tabel 4. Prakawis Sosial ingkang dipunkritik ing Novel Kirti Njunjung Drajat

No.	Aspek Prakawis Sosial ingkang dipunkritik	Varian Fenomena	Peristiwa	Tokoh	
				Pelaku	Korban
1	Sosio-Budaya	Pandamelan	Anggenipun nyambut damel, tiyang boten saged langsung dipunangkat dados	Embok	Darba

			pegawai ing kang sekeca. Tiyang kedah mbudidaya amrih saged sekeca gesangipun		
2		Tiyang ing kang pangkatipun inggil	Anggenipun nitih sepur, wonten tiyang ing kang sasekecanip un piyambak amargi ngraos apangkat inggil.	Mas Bei Mangunripta	Walandi
3		Mbedakakaken antawisipun tiyang apangkat inggil kaliyan andhap	Kadadosan menika dumados nalika ing pahargyan manten. Ing pahargyan kasebut, Darba kapurih biyantu kangge leladosan dhateng para rawuh. Ing ngriku, anggenipun laladosan, Darba kapurih mbedakaken antawisipun tiyang	Dhistrick	Darba

			ingkang apangkat inggil kaliyan tiyang andhahan.		
4		Kawibawan	Kawibawan menika dumunung boten ing tiyang ingkang apangkat inggil, ananging dumunung ing batosipun tiyang piyambak.	Embok	Darba
5		Wekdal Lelungan	Anggenipun lelungan, tiyang Jawi nggatosaken sanget wekdal. Ing cariyos menika kacariyosak en nalika lelungan nalika wekdal sonten.	Embok	Darya
6		Gamanipun gesang ing alam donya	Ing ngriku, Darba dipunemuta ken anggenipun gesang wonten ing alam donya menika gamanipun	Embok	Darba

			boten namung pandamelan kemawon, ananging ugi sipat ing kang sae saha maringi munpangat dhateng tiyang sakiwa- tengenipun.		
7		Literasi kangge mbikak pamawas	Dipuncariyo saken nalika Darba remen maos-maos serat kabar. Ing ngriku Darba ngemutaken bilih wigatosipun literasi menika kangge mbikak pamawas.	Darba	Pamaos
8		Samun ing Samudana	Darba anggenipun paring pamrayogi boten lajeng dumugi parakawisip un ananging kanthi nyingitaken sadaya kakajengani pun.	Darba	Pamaos

9		Manut marang sadaya ingkang nyingkiri pranatan	Dipuncariyo saken bilih kathah ingkang nerak paugeran. Lajeng wonten sawatawis tiyang ingkang ngemutaken tiyang-tiyang ingkang nyingkiri bebener kasebut.	Darba	Pamaos
10		Gamaning gesang	Tiyang gesang ing ngalam donya boten saged namung ndherek utawi boten gadhah prinsip. Ing cariyos kasebut dipuncariyo saken bilih Darba menika badhe kecalan prinsipipun	Embok	Darba
2	Moral	Ngormati dhateng tiyang sanes	Kadadosanipun ing salebetipun sepur. Ing ngriku Mas Bei Mangunripta	Darba	Manungripta

			a boten saged anjagi unggah-ungguh dhateng tiyang sanesipun		
		Njagi raosipun tiyang sanes	Kadasosan menika ing salebetipun sepur. Wonten bangsa Walandi ingkang ngendika boten sekeca dhateng Mas Bei Manguncripta migunakaken basa Walanda. Ananging, supados kahanan tansah jenjem, Darba nyingitaken menapa ingkang dados tegesipun basa Walanda menika.	Warga	Manungripta
		Ngormati dhateng tiyang sanes	Kadadosan menika dumados wonten ing pahargyan	Warga ing Sepur	Mangunripta

			<p>manten. Ing ngriku, wonten ingkang nepsu amargi rumas kagungan apangkat inggil ananging boten dipunaturi mbeksa langkung rumiyin.</p>		
		Atur pangapura	<p>Kadadosan ingkang dumados wonten ing pahargyan manten menika lumampah nalika Dhistrik ingkang apangkat pulisi ngaturaken panyuwunan pangapura ananging boten dipuntampi dening Den Bei Mangunripta.</p>	Darba	Manungripta
3	Politik	Ngormati panggedhe	<p>Kadadosan menika dumados wonten ing pahargyan</p>	Warga ing pajagongan	Mangunripta

			<p>manten. In- ngriku, wonten satunggal tamu ageng ingkang dipunentosi rawhipun. Ananging pangedhe kasebut boten saged rawuh.</p>		
		<p>Ngremenak- en tiyang sepuh</p>	<p>Jaman samenika kathah ingkang boten kepengin ngremenake- n tiyang sepuh. In- gariyos kasebut, dipunsebuta- ken budidayanip- un Darba- lan Darya ingkang kepengin ngremenake- n batosipun tiyang sepuhipun</p>	<p>Warga ing pajagongan</p>	<p>Mangunripta</p>
4	Ekonomi	<p>Beboros arta</p>	<p>Kathah tiyang Jawi ingkang beboros arta, ing gariyos kasebut dipun- cariyo saken bilih</p>	<p>Darba</p>	<p>Pamaos</p>

			tiyang jawi beboros arta kangge pagesangani pun.		
--	--	--	--	--	--

Tabel 5. Prakawis Ekologi ingkang dipunkritik ing Novel Kirti Njunjung Drajat

No.	Aspek Prakawis Alam ingkang dipunkritik	Varian Fenomena	Peristiwa	Tokoh	
				Pelaku	Korban
1	Nanem taneman	Nanem taneman supados saged kangge kalajengan gesang	Ing redi merapi, samenika sami dipunwangu n kathah wewanguna n. Panganggit nyerat supados kathah dipuntanemi ijem-ijeman kangge nglajengake n gesang samangke.	Panganggit	Pamaos
2	Rereged Lepen	Njagi resikipun lepen	Lepen minangka satunggalipun sumber toya, kedah dipunjagi karesikanipun.	Panganggit	Pamaos
3	Kahanan sampun wiwit Panas	Kahanan sampun	Jaman samenika, kahanan	Panganggit	Pamaos

		wiwit panas	sampun wiwit panas. Mila, tiyang kedah saged anjagi kahananipu n bumi supados saged nglajengake n gesang ing donya.		
--	--	-------------	---	--	--

Tabel 6. Wujud anggenipun ngandharajen Kritik ing Novel Kirti Njunjung Draja

No.	Varian Fenomena ing salebetipun Novel	Aspek Masalah Sosial	Langsung	Tidak Langsung		
			Lugas	Simbol	Humor	Sinis
1	Sosio-Budaya	Pandamelan	√			
		Tiyang ingkang pangkatipun inggil	√			
		Mbedaka kaen antawisipun tiyang apangkat inggil kaliyan andhap	√			
		Kawibawan	√			
		Wekdal	√			

		Lelungan				
		Gamanipu n gesang ing alam donya	√			
		Literasi kangge mbikak pamawas		√		
		Samun ing Samudana		√		
		Manut marang sadaya ingkang nyingkiri pranatan		√		
		Gamaning gesang	√			
2	Moral	Ngurmati dhateng tiyang sanés	√			
		Njagi raosipun tiyang sanés	√			
		Ngurmati dhateng tiyang sanés	√			
		Atur	√			

		pangapura				
3	Politik	Ngurmati panggedhe	√			
		Ngremenen tiyang sepuh	√			
4	Ekonomi	Beboros arta		√		
5	Kritik Ekologi	Nanem taneman supados saged kangge kalajengangen gesang		√		
		Njagiresikipun lepen		√		
		Kahaman sampun wiwit panas		√		

B. Pirembagan

Saking asilipun panaliten ing nginggil saged dipunrembag asilipun ekokritik sastra kados wonten ing ngandhap menika. Wondene andharanipun kritik kados wonten ing ngandhap menika.

1. Pirembagan Sosio-Ekokritik Sastra

a. Kritik Sosial Budaya

Kritik sosial budaya minangka satunggaling kritik ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat. Kritik sosial budaya kalebet kritik sosial. Wonten ing panaliten menika kritik sosial budaya kapanggihaken paling kathah. Kritik Sosial budaya wonten ing panaliten menika cacahipun sedasa kritik. Wondene sedasa kritik kasebut inggih menika: Pandamelan, tiyang ingkang pangkatipun inggil, mbedakakaen antawisipun tiyang apangkat inggil kaliyan andhap, kawibawan, wekdal Lelungan, gamanipun gesang ing alam donya, literasi kangge mbikak pamawas, samun ing Samudana, manut marang sadaya ingkang nyingkiri pranatan, gamaning gesang.

Wondene andharanipun kritik sosial budaya kados wonten ing ngandhap menika. Kritik ingkang sepisan inggih menika kritik pandamelan. Pandamelan minangka satunggaling rembagan ingkang kathah dipunandharaken ing salabetipun novel Kirti Njunjung Drajat. Kritik pandamalen wonten ing salebetipun novel menika kadadosan wonten ing Subab irah-irahan Wonten ing Sepur. Nalika samanten Mas Bei Mangunripta sakulawarga wonten ing mergi nitih sepur saprelu tumuju Klaten kangge ndugeni pahargyan temanten.

Kritik pandamelan saged dipuntingali saking dhata menika:

Tembungipun Mas Bei Mangunripta punika tegesipun taksih tangkeh sagedipun dados priyantun, amargi adat kalimrahanipun, magang punika pancen pitu wolung taunan. Mas Bei lajeng pitaken dhateng Ki Mas Nayapada, “punapa putrane punika sampun saged nyerat jangkep, Mas?”

Wosing pethikan kasebut inggih menika Mas Bei Mangunripta ngandharaken dhateng Ki Mas Nayapada. Mas Bei ngandharaken bilih tiyang menika boten saged lajeng dados pegawai ananging wonten tatacaranipun. Tatacaranipun saderengipun minggah dados pegawai inggih menika ngabdi utawi magang. Magang dipunlaksanakaken dening sadaya calon pegawai. Magang menika dangunipun pitung dumugi wolung taunan.

Kritik sosial budaya ingkang saged kapendhet saking kritik kasebut inggih menika bilih ing jaman samenika kathah tiyang ingkang kepingin dados pegawai kanthi cara ingkang *instant*. Cara-cara kasebut mujudaken cara ingkang lepat. Cara-cara instat kasebut kadosta: kolusi, korupsi saha nepotisme.

Tiyang kathah ingkang boten sabar kangge ngentosi masa pengabdian. Pancem nalika ngabdi menika bayaranipun sekedhik. Kahanan ing jaman samenika kathah para calon pegawai ingkang boten sabar anggenipun ngabdi ing satunggaling papan. Miturut asilipun dhata sepisan menika, saged dipunpednhet piwulangipun bilih anggenipun nyamptakaken dados pegawai menika boten namung raganipun kemawon ananging ugi raosipun. Raos sabar dhateng masa pengabdian ingkang dangunipun pitung dumugi wolung taunan.

Kritik sosial ingkang nomer kalih inggih menika tiyang ingkang pangkatipun inggil. Tiyang jawi gesang wonten ing ngalam donya menika tansah negenganken pangkat utawi jabatan wonten ing pandamelan. Wonten ing masarakat, tiyang ingkang kagungan pangkat ingkang inggil langkung dipunormati menawi katandhingaken tiyang ingkang pangkatipun langkung asor.

Anggenipun ngormati kanthi cara-cara ingkang beda-beda. Satunggaling cara kangge ngormati tiyang ingkang pangkatipun inggil inggih menika kanthi migunakaken basa krama.

Ing salebetipun novel Kirti Njunjung Drajat menika ugi wonten kritik ingkang wosipun ngritik tiyang ingkang pangkatipun inggil. Wondene saged kapaanggihaken ing dhata kados wonten ing ngandhap menika.

Dene bangku sanesipun meh nyakawan sadaya, namung palinggihanipun Mas Bei Mangunripta punika dipunlinggehi ijen, amargi patrapipun linggih mujur ngebaki papan, selanipun ing pinggir dipun dekeki buntelan. Tetiyang dhusun sami ajrih ngesuk Mas Bei Mangunripta, dipunpilalah sami ngadeg awit sumerep menawi punika priyantun.

Dhata menika pikantuk saking Sub Bab Wonten ing Sepur, nalika samanten Mas Bei Mangunripta nembe wonten mergi badhe tumuju dhateng Klaten sakulawarganipun. Wosing dhata kasebut inggih menika Mas Bei Mangunripta anggenipun lenggahan wonten ing kursi sepur kanthi lenggah ing sainggilipun kursi cacahipun sekawan. Kursi cacahipun sekawan kasebut kedahipun saged dipunlenggahi dening tiyang cacahipun sekawan ananging namung dipunlenggahi setunggal tiyang kemawon, inggih menika Raden Mas Bei Mangunripta.

Tiyang wonten ing sakiwa-tengenipun mangertosi menawi ingkang lelenggahan menika priyantun. Mas Bei Mangunripta kacatet minangka pegawai ing Ngayogkarata. Bab menika ingkang andadosaken tiyang wonten ing sakiwa tengenipun Raden Mas Bei Mangunripta sami minggir amargi ngraos ajrih.

Tiyang-tiyang wonten ing sakiwea tengenipun menika nglenggana awit Raden Mas Bei Mangunripta kagungan pangkat ingkang inggil. Menapa ingkang dipunlampahaken Raden Mas Bei Mangunripta menika kagolong tumindak ingkang sasekecanipun piambak.

Kritik sosial budaya awujud pangkat menika ugi kadadosan ing jaman samenika. Ing jaman menika kathah tiyang apangkat inggil ananging anggenipun gesang boten nyerminaken pangkatipun inggil. Kathah ingkng tumindakipun sawiyah-wiyah dhateng kawula alit. Tiyang apangkat inggil kados gahdha raos ingkang gedhe lan dhuwur mila sawiyah-wiyang dhateng tiyang alit.

Kritik sosial budaya ingkang nomer tiga inggih menika sami ambedakaken tiyang ingkang pangkatipun inggil kaliyan tiyang ingkang pangkatipun asor. Ing kritik sosial budaya nomer tiga menika taksih ngrembag ngengingi tiyang ingkang kagungan pangkat. Menawo wonten ing kritik sosial budaya dhata nomer kalih menika tiyang apangkat inggil sawiyah-wiyah dhateng kawula alit. Menawi dhata nomer tiga menika tiyang sami ambedakaken antawisipun tiyang ingkang apangkat inggil dhateng tiyang ingkang pangkatipun asor. Anggenipun mbedaken tiyang ingkang pangkatipun inggil lan tiyang ingkang pangkatipun asor saged dipuntingal kanthi cetha wonten ing dhata nomer tiga menika.

Dhata saged kapanggihaken wonten ing Sub Judul Wonten ing Sepur nalika kondhektur mriksa karcis dhateng ingkang nitih sepur. Dhatenipun kados makaten wonten ing ngandhap menika.

Kocapa, sareng sepur sampun lumampah malih, kondhektur lumebet ing gerbong mriksa karcis. Ingatasipun dagang pancenipun bingah ningali sesadeganipun pajeng laris. Ewasemanten tuwan kondhektur boten makaten, sumerep kathahing tiyang ingkang numpak, namung tansah ngeses saha muring-muring; tandhangipun grusa-grusu, tiyang ingkang sami ngadeg neseg-nesegi margi dipun suk purun, malah wonten ingkang dipunjorog-jorogaken. Dumadakan wonten tiyang dhusun mbekta pikulan, panganggenipun namung kathokan punika dhawah ngebruhi Mas Bei Mangunripta. Mas Bei Mangunripta lajeng duka.

Dhata ing nginggil kapendhet saking Sub Irah-irahan Wonten ing Sepur. Nalika samanten Raden Mas Bei Mangunripta anggenipun lenggah wonten ing kursi ingkang cacahipun sekawan, kahananipun ingkang para nitih sepur rame sanget. Inggang nitih sepur boten namung priyantun kemawon ananging wonten tiyang utawi masarakat sanes. Mila wonten ing sepur sami suk-sukan.

Nalika samanten wonten kundhektur ingkan badhe nariki karcis minangka tandha bukti dening masarakat ingkang sampun bayar. Kahananipun rame sanget, anggenipun nariki karcis ugi suk-sukan. Kondhektur mangertos bilih Raden Mas Bei Mangunripta aggenipun kenggah wonten ing sakinggilipun kursi cacah sekawan kanthi salonjor. Ananging kondhektur boten saged mgaturi kangge gantosan kaliyan masarakat panitih sanesipun.

Kacariyosaken bilih nalika kondhektur nariki karcis, wonten satunggaling tiyang dusun ingkang mbekta pikulan ngebruhi Mas Bei Mangunripta. Kahanan menika andadosaken Mas Bei Mangunripta duka. Mas Bei Mangunripta ndukani tiyang dusun kasebut kanthi medalaken sadaya tembung-tembung kasaripun. Kondhektur ingkang ugi mirsani kadadosan menika boten ambela tiyang dusun malah ambela Mas Bei Mangunripta. Jalaran kondhektur mangertos bilih Mas Bei

Mangunripta menika priyantun. Mila langkung dipunormati lan mbedakaken tiyang dusun ingkang ngebruhi Mas Bei.

Kritik sosial budaya wonten ing dhata kasebut inggih awujud mbedakaken antawisipun priyantun kalihan tiyang alit. Wonten ing sepur, tiyang ingkang apangkat inggil saged pikantuk fasilitas ingkang langkung sae tinimban tiyang ingkang pangaktipun asor. Kondhektur ingkang gadhah kebijakan kangge ngatur para panitih sepur ugi boten saged paring pitulung tumrap ingkang para nitih sepur. Kabukten nalika mirsani kahanipun Raden Mas Bei Mangunripta lenggah wonten sainggilipun kursi cacah sekawan.

Kritik sosial budaya ingkang nomer tiga inggih menika kawibawan. Kawibawan minangka perangan ingkang wigatos wonten ing masarakat. Padatanipun kawibawan dumunung wonten ing tiyang apangkat inggil. Tiyang ingkang apangkat inggil kedah njagi kawibawanipun sudapados saged dipunormati dening masarakat. Kawibawan minangka sipat wajib ingkang kedah dipungadhahi dening tiyang apangkat. Kawibawan menika kaginakaken kangge tiyang supados saged mandegani masarakat minangka pamimpin.

Ananging beda kaliyan ingkang dipuncariyosaken wonten ing novel menika. Kawibawan boten namung dumunung wonten ing tiyang ingkang apangkat inggil kemawon. Kepara malah tiyang ingkang apangkat inggil boten gadhah kawibawan. Kawibawan saged katitik saking anggenipun tiyang apangkat inggil dhateng tiyang alit. Ing cariyos novel menika, tiyang ingkang apangkat inggil mlaha sawiyah-wiyah dhateng tiyang ingkang apangkat alit. Kritik sosial

budaya awujud kawibawan menika saged dipuntingali wonten ing dhata nomer sekawan. Dhata kasebut kados wonten ing andhap menika.

Sepisan, nalika wonten ing sepur. Kajening kapriyantunan punika pancen sampun cumithak wonten ing pikiranipun Darba. Nanging ingatasipun bregasipun semanten, teka dipunkuya-kuya kondhektur sebab namung saking boten ngertos bilih bangku punika kedah dipunlinggihi bangku tiyang tiga. Kaliyan malih kajening kapriyantunan punika punapa namung wonten jagadipun piyambak, tegesipun namung sami kanca-kancanipun. Tumrap sawanganipun bangsa sanes, pangertosan punapa langkung dipunajeni.

Wosing dhata kasebut inggih menika paraga ingkang asmanipun Darba kagungan watek wibawa saking batosipun. Darba minangka salah satunggaling panumpang sepur ingkang tumuju dhateng Klaten. Anggenipun lenggah, Darba cerak kaliyan De Bei Mangunripta.

Darba minangka nem-neman ingkang yuswanipun langkung enem tinimbang Den Bei Mangunripta. Ing kadadosan menika, Den Bei Mangunripta ingkang sawiyah-wiyah dhateng kawula alit boten dpunremeni dening Darba. Miturut Darba, kedahipun watek priyantun boten pareng kados makaten. Mila, ing wekdal menika piyambakipun wantun ngaturi Den Bei saprelu saged gegantosan panggon kangge nglenggahi sekawan kursi.

Kritik sosial budaya ingkang saged kapendhet inggih menika bilih kawibawan menika boten namung dumunung wonten ing jiwaniipun priyantun kemawon. Kawibawan uga boten gumantung kaliyan yuswanipun tiyang. Ananging ing jaman samenika kathah para nayaka praja ugi ngraos geumbedhe amargi gadhah pangkat. Para nayaka sami sawiyah-wiyah dhateng kawula alit.

Kritik sosial budaya nomer gangsal inggih menika kritik ngengingi wekdal lelungan. Wekdal Lelungan. Anggenipun llungan, tiyang Jawi nggatosaken sanget wekdal. Ing cariyos menika kacariyosaken nalika lelungan nalika wekdal sonten. Kepara malah wonten petungan ingkang dipunetung saderengipun lelungan tebih. Petungan menika katujokaken supados anggenipun lelungan nemahi slamet. Mila, tiyang Jawi pitados bilih petungan kedah dipunwontenaken saderengipun lelungan.

Ing Novel Kirti Njunjung Drajat ugi dipunandharaken ngenigi anggenipun wekdal lelungan. Dhata ingkang saged dipunpanggihi ngengingi wekdal lelungan inggih menika kados wonten ing ngandhap menika.

“Kretane Bendara Raya ajeng methuk teng sepur?”

“Kathik nganggo mandheg barang.”

“Darya, ta, sing mampir mriki.”

“E, dadi tegese Darya melu methuk, ta. Heh, awan-awan jam telu teka lungan.”

Dhata kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Pecahing Pikiranipun Para Nem-Neman. Wosing dhata kasebut nyariyosaken nalika Draya badhe methuk Den Bei Mangunripta sakulawarga dhateng stasiun nitih kereta. Saderngipun mapak, Darya pamitan kaliyan ibunipun. Bibar dipunpamiti ibunipun ndangu bab wekdal kangge lelungan kok siyang-siyang pukul tiga.

Ing jaman samenika anggenipun lelungan boten dipunpetung. Kathah tiyang anggenipun lelungan ugi namung enggal tindak kemawon tanpa dipunpriksa wekdalipun. Ibunipun Darya menging supados anggenipun lelungan

ampun pukul tiga mesthi wonten pawadanipun. Pawadanipun inggih menika suapados wonten mergi boten macet. Pukul tiga menika pukul kathah-kathahipun tiyang sami kondur saking kantor. Mila, supados boten dangu wonten ing mergi, Ibunipun mengng anggenipun lelungan ampun pukul tiganan.

Ibunipun Darya ugi menging supados anggenipun lelungan ampun siyang-siyang. Bab menika amargi menawi lelungan siyang-siyang menika kahanipun alam sarwa panas. Mila, supados boten keranta-ranta wonten ing mergi, Darya dipunpenging ibunipun.

Kritik sosial ingkang saged kajumbuhaken ing jaman menika inggih menika anggenipun lelungan sarwa boten nggatosaken wekdal. Kepara malah anggenipun mertamu boten nggatosaken wekdal. Kathah ingkang anggenipun mertamu wanci ingkang boten trep. Mila, saking novel menika tiyang dipunangkah anggenipun lelungan saha mertamu saged nggatosaken wekdal.

Kritik sosial budaya ingkang nomer enem inggih menika kritik ngengingi gamanipun gesang ing alam donya. Ing novel, Darba dipunemutaken anggenipun gesang wonten ing alam donya menika gamanipun boten namung pandamelan kemawon, ananging ugi sipat ingkang sae saha maringi munpangat dhateng tiyang sakiwa-tengipun. Kathah tiyang ingkang kesupen anggenipun gesang wonten ing alam donya menika kedah srawung sosial. Piyambakipun boten saged gesang piyambakan.

Kritik sosial menika kapendhet wonten ing sub irah-irahan Pecahing Pikiranipun Para Nem-neman. Dhata nomer enem menika saged diwaos wonten ing pethikan ing ngandhap menika.

Tembungipun embok ingkang mungel, “saulihmu saka seba, kok wis ora mikir pamagangmu.” Punika wonten cocogipun kaliyan welingipun guru, makaten, “saiki kowe wus rampung pasinaonmu, nanging aja rumangsa wis dadi wong pinter. Sumurupa, upama kawruh-kawruh iku ana sajroning gedhong, kowe kuwi lagi nyekel soroge. Yen sorog iku kok kanthongi bae, kowe iya bakal ora sumurup sajroning gedhong, malah sorogmu tainen. Mulane ing besuk sorogmu kuwi pigunakna, ya iku sing sregep maca layang-layang, lan dhemen tetakon.

Wosing dhata ing nginggil inggih menika nalika embok maringi kawruh dhateng Darba. Nalika samanten Darba samun purna saking anggenipun sinau. Ibunipun Darba meling marang Darba bilih supados menapa ingkang dipunsinau wonten ing pamulangan saged migunan kedah dipungunakaken kanthi saestu. Supados kawruh kasebut saged migunani tumraping liyan boten namung kangge dhiri pribadhinipun piyambak. Ananging ing novel kasebut dipuncariyosaken bilih Darba taksih badhe nglelimbangaken malih anggenipun badhe migunakaken ngelmunipun saking pamulangan.

Kritik sosial ingkang saged kapanggihaken wonten ing pethikan kasebut ngemutaken bilih anggenipun lulus saking pamulangan boten saged kawastanan pinter. Tiyang kedah tansah sarwa emut bilih sasampunipun rampung saking pamulangan dipunpindhakaken bilih tiyang ingkang nyepng ubarampenipun kemawon. Ubarampe kasebut menawai boten dipungunakaken kanthi temenan malah boten saged migunani. Tegesipun, anggenipun sinau kedah dipunandharaken dening tiyang sanes utawi dipunamalaken dhateng tiyang sanes

supados ngelmu kasebut boten namung piguna kangge dhiri pribadhinipun piyambakananging ugi tiyang sanes.

Kritik sosial nomer pitu inggih menika sregel literasi kangge mbikak pamawas. Ing salebetipun novel dipunandharaken bilih nalika Darba remen maos-maos serat kabar. Ing ngriku Darba ngemutaken bilih wigatosipun literasi menika kangge mbikak pamawas. Kritik-kritik menika jumbuh kaliyan kahanan ing jaman samenika bilih kathah tiyang ingkang literasinipu taksih andhap.

Literasi kaginakaken kangge mbika wawasanipun pamaos. Tiyang ingkang literasinipun sae utawi kathah saged nyambung menawi dipunajak rembagan kaliyan tiyang sanes. Kejawi menika, tiyang ingkang remen literasi kathah-kathaahipun saged langkung pana bab menapa kadadosanipun ing jaman samenika. Wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat ugi kasebutaken bilih tiyang kedah remen anggenipun literasi. Literasi menika saged dipuntingali wonten ing pethikan dhata nomer pitu. Wondene pethikan dhatanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Anggenipun Darbe maos serat kabar punika dados senengan ageng. Ing saben dinten prasasat boten kendhat pamaosanipun ing serat kabar, sampun mesthi kemawon seserepanipun saya mindhak, pikiranipun tansah lumampah.

Dhata kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Pamecahing Pikiranipun Nem-neman. Wosing dhata menika inggih anggenipun maos serat kabar, Darbe seneng sanget. Serat kabar ingkang dipunwaos dening Darba menika

saged dipunginakaken kangve Darbe mbikak pamawas. Pamawasipun Darba saged mindhak amargi maos serat kabar saben dintenipun.

Kritik sosial ingkang saged kapendhet inggih menika lumantar pethikan dhata kasebut bilih tiyang jaman semenika kathah ingkang boten saged remen anggenipun maos lan nyerat. Jaman samenika, sadaya tiyang kedah remen anggenipun maos lan nyerat. Maos lan nyerat menika katujokaken kangge mbikak pamawas supados kawruhipun mindhak. Satemah anggenipun rembagan saged sambet antawisipun tiyang setunggal dhateng tiyang sanesipun.

Kritik sosial nomer wolu inggih menika Samun ing Samudana. Samun ing samudana inggih menika nyingitaken sadaya maksud. Tiyang nyingitaken maksud menika dipunginakaken kangge ngormati tiyang sanes. Mila, tiyang ing jaman menika kedah saged tengen kangge mengrtosi maksud tiyang sanes. Annanging boten kathah ingkang saged tengen. Ing novel dipuncariyosaen bilih Darba anggenipun paring pamrayogi boten lajeng dumugi parakawisipun ananging kanthi nyingitaken sadaya kakajenganipun.

Dhata nomer wolu kapanggihaken ing sub irah-irahan Wonten ing Dhusun. Dhata nomer wolu saged dipuntingali wonten ing pethikan novel ing ngandhap menika. Dhata kasebut inggih menika:

Darba kepeksa matur, “sanajan kula kerep damel karangan wonten serat kabar, nanging boten nate nuju tiyang, agengipun ngawon-awon. Inkang kula rembag mesthi kabetahaning ngumum.”

Wosing dhata kasebut nyariyosaken nalika Darba nyerat serata wonten ing seraty kabar. Dipuncariyosaken bilih kathah tiyang ingkang boten sarujuk kaliyan seratanipun Darba. Bab menika andadosaken Darba greget kangge ngandharaken pawadanipun. Darba ngandharaken bilih menapa ingkang dipunandharaken pancen wosipun kritik, ananging boten dipunandharaken kanthi langsung. Kritik kasebut dipunsingitaken.

Kritik nomer sanga inggih menika manut marang sadaya ingkang nyingkiri pranatan. Dipuncariyosaken bilih kathah ingkang nerak paugeran. Lajeng wonten sawatawis tiyang ingkang ngemutaken tiyang-tiyang ingkang nyingkiri bebener kasebut. Ing jaman samenika boten kathah ingkang kuwawi ngemutaken tiyang ingkang nyingkiri bebener. Padatanipun tiyang boten wantun kangge nyingiri bebener kasebut.

Dhata nomer sanga menika dipunpanggihaken ing sub irah-irahan Wonten ing Dhusun. Pethikan dhata kasebut kados wonten ing ngandhap menika.

Juru Serat: “Inggih kawengku, nanging manawi sakinten adamel kauntungan, sasaged-saged mesthi dipunsingkiri.”

Darba: “O, tegesipun panjenengan punika manut dhateng ingkang nyingkiri pranatan. Hla punika, memper kemawon pekewed, tiyang nindhakaken prakawis kalih warni ingkang kosok wangsul.”

Wosing dhata kasebut inggih menika nalika Darba kepanggih kaliyan juru serat. Wonten ing ngriku, juru serat nyerat satunggaling seratan ingkang wosipuj boten saged dipunpitados. Darba ngemutaken bab kagiyatan ingkang boten leres

menika, ananing juru serat boten anggatosaken menapa ingkang dipunngendhkaaken Darba.

Ing jaman samenika tiyang ingkang sami boten wantun kangge ngemutaken dhateng tiyang ingkang sarwa nyingkiri bebener. Kepara malah mendel kemawon. Kritik sosial menika tansah ngemutaken bilih ing jaman seamenika tiyang kedah wantun anggenipun nyingkiri bebener.

Kritik sosial ingkang pungkasan inggih menika gamaning gesang. Tiyang gesang ing ngalam donya boten saged namung ndherek utawi boten gadhah prinsip. Ing cariyos kasebut dipuncariyosaken bilih Darba menika badhe kecalan prinsipipun. Dhata ngengingi gamanipun gesang saged dipunpanggihaken wonten ing pethikan novel ing ngandhap menika.

Nanging Makaten punika Darba namung katut ombyaking kathah, liripun anak piyantun limrahipun dados priyantun, mangka nalika pamagangipun Darba angsal tigang taun, sampun kadhedharen raos boten sekeca, saya malih sareng Darba mindhak-mindhak seserepanipun, dening remenipun maos buku-buku saha serat kabar.

Pethikan cariyos menika kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Wonten ing Dhusun. Wosing cariyos kasebut inggih menika nerangaken bilih gamanipun gesang menika boten namung pikantuk saking sekolah kemawon ananging ugi saking masarakat.

b. Kritik Moral

Kritik Moral minangka satunggaling kritik ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat. Kritik moral kalebet kritik sosial. Boten kathah kritik moral kapanggihaken ing panaliten menika. Kritik moral wonten ing

panaliten menika cacahipun tigang kritik. Wondene tigang kritik kasebut inggih menika: ngormati dhateng tiyang sanes, njagi raosipun tiyang sanes, ngormati dhateng tiyang sanes, atur pangapura. Wondene pirembaganipun kados wonten ing ngandhap menika.

Kritik moral ingkang sepisan inggih menika ngormati dhateng tiyang sanes. Ngormati minangka satunggaling unggah-ungguh wonten ing masarakat. Wonten ing masarakat, unggah-ungguh dipuntindakaken supados tiyang saged sesambten lan tulung tinulung kaliyan tiyang sanes. Ananging ing jaman samenika boten kathah ingkang saged ngormati tiyang sanes. Wonten ing Novel menika ugi dipunsebataken kritik kangge ngormati tiyang sanes, wondene wujud dhata kados wonten ing ngandhap menika.

Tamu ingkang ageng piyambak Den Bei Dhistik, dipunaturi larit, lajeng ngajak onderipun. Inkang makaten punika saya ndadosaken nepsunipun Mas Bei Mangunripta, mila sanajan sadaya tamu sami ngadeg ngepang ingkang beksa, urun keplok saweneh nggerong, Mas Bei Mnagunripta lenggah kemawon, malah lajeng ngombe jenewer plepak-plepek, ngantos rainipun abrit manang-manang.

Dhata kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Pecahing Pikiranipun Para Nem-Neman. Wosing dhata kasebut nyariyosaken nalika Draya badhe methuk Den Bei Mangunripta sakulawarga dhateng stasiun nitih kereta. Saderngipun mapak, Darya pamitan kaliyan ibunipun. Bibar dipunpamiti ibunipun ndangu bab wekdal kangge lelungan kok siyang-siyang pukul tiga.

Ing jaman samenika anggenipun lelungan boten dipunpetung. Kathah tiyang anggenipun lelungan ugi namung enggal tindak kemawon tanpa

dipunpriksa wekdalipun. Ibunipun Darya menging supados anggenipun lelungan ampun pukul tiga mesthi wonten pawadanipun. Pawadanipun inggih menika suapados wonten mergi boten macet. Pukul tiga menika pukul kathah-kathahipun tiyang sami kondur saking kantor. Mila, supados boten dangu wonten ing mergi, Ibunipun mengng anggenipun lelungan ampun pukul tiganan.

Ibunipun Darya ugi menging supados anggenipun lelungan ampun siyang-siyang. Bab menika amargi menawi lelungan siyang-siyang menika kahananipun alam sarwa panas. Mila, supados boten keranta-ranta wonten ing mergi, Darya dipunpenging ibunipun.

Kritik sosial ingkang saged kajumbuhaken ing jaman menika inggih menika anggenipun lelungan sarwa boten nggatosaken wekdal. Kepara malah anggenipun mertamu boten nggatosaken wekdal. Kathah ingkang anggenipun mertamu wanci ingkang boten trep. Mila, saking novel menika tiyang dipunangkah anggenipun lelungan saha mertamu saged nggatosaken wekdal.

Kritik sosial ingkang nomer kalih inggih menika njagi raosipun tiyang sanes. Wonten ing pasrwungan tiyang kedah saged njagi raosipun tiyang sanes. Sampun ngantos damel seriking sanes. Ananging ing jaman samenika kathah tiyang ingkang boten mangertos kahanan menika. Wonten ing novel ugi dipunsebutaken ngengingi boten ngurmatipun dhateng tiyang sanes. Dhate kasebut saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

Lah, ya ngono, prelune celak priyayi kuwi mundhak dekung. Kae lo, kakangmu Darya, kuwi kanca benggala. Wong tuwa kuwi nek anake kethok, anane mung bungahLuwih maneh banjur bisa megar payunge, apa maneh sing digoleki, kono

dumununging pangaji-aji, isih jaka wis dadi priyayi, nek arep golek sing glendar-glender sewu sasisih bae ngembyah.

Dhata menika pikantuk saking Sub Bab Wonten ing Sepur, nalika samanten Mas Bei Mangunripta nembe wonten mergi badhe tumuju dhateng Klaten sakulawarganipun. Wosing dhata kasebut inggih menika Mas Bei Mangunripta anggenipun lenggahan wonten ing kursi sepur kanthi lenggah ing sainggilipun kursi cacahipun sekawan. Kursi cacahipun sekawan kasebut kedahipun saged dipunlenggahi dening tiyang cacahipun sekawan ananging namung dipunlenggahi setunggal tiyang kemawon, inggih menika Raden Mas Bei Mangunripta.

Tiyang wonten ing sakiwa-tengenipun mangertosi menawi ingkang lelenggahan menika priyantun. Mas Bei Mangunripta kacatet minangka pegawai ing Ngayogkarata. Bab menika ingkang andadosaken tiyang wonten ing sakiwa-tengenipun Raden Mas Bei Mangunripta sami minggir amargi ngraos ajrih. Tiyang-tiyang wonten ing sakiwa-tengenipun menika nglenggana awit Raden Mas Bei Mangunripta kagungan pangkat ingkang inggil. Menapa ingkang dipunlampahaken Raden Mas Bei Mangunripta menika kagolong tumindak ingkang sasekecanipun piambak.

Kritik moral awujud pangkat menika ugi kadadosan ing jaman samenika. Ing jaman menika kathah tiyang apangkat inggil ananging anggenipun gesang boten nyerminaken pangkatipun inggil. Kathah ingkang tumindakipun sawiyah-wiyah dhateng kawula alit. Tiyang apangkat inggil kados gahdha raos ingkang gedhe lan dhuwur mila sawiyah-wiyang dhateng tiyang alit.

Kritik moral ingkang nomer tiga inggih menika atur pangapura. Limrahiun tiyang ingkang numindhakaken lepat menika nyuwun pangapura. Atur pangapura menika andadosaken tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun saged gesang sesarengan kanthi sae. Dhata ingkang saged kapanggihaken inggih menika wonten ing ngandhap menika.

Kejawi punika Mas Demang mawi pratela manawi wonten lepatipun ing tindak, nyuwun pangapunten. Nanging Mas Bei Mangunripta boten ngrewes babar pisan, malah nyenthulani.

Wondene andharanipun kritik moral kados wonten ing ngandhap menika. Wosing pethikan kasebut inggih menika Mas Bei Mangunripta ngandharaken dhateng Ki Mas Nayapada. Mas Bei ngandharaken bilih tiyang menika boten saged lajeng dados pegawai ananging wonten tatacaranipun. Tatacaranipun saderengipun minggah dados pegawai inggih menika ngabdi utawi magang. Magang dipunlaksanakaken dening sadaya calon pegawai. Magang menika dangunipun pitung dumugi wolung taunan.

Kritik sosial budaya ingkang saged kapendhet saking kritik kasebut inggih menika bilih ing jaman samenika kathah tiyang ingkang kepingin dados pegawai kanthi cara ingkang *instant*. Cara-cara kasebut mujudaken cara ingkang lepat. Cara-cara instat kasebut kadosta: kolusi, korupsi saha nepotisme.

Tiyang kathah ingkang boten sabar kangge ngentosi masa pengabdian. Pancem nalika ngabdi menika bayaranipun sekedhik. Kahanan ing jaman samenika kathah para calon pegawai ingkang boten sabar anggenipun ngabdi ing

satunggaling papan. Miturur asilipun dhata sepisan menika, saged dipunpednhet piwulangipun bilih anggenipun nyamaptakaken dados pegawai menika boten namung raganipun kemawon ananging ugi raosipun. Raos sabar dhateng masa pengabdian ingkang dangunipun pitung dumugi wolung taunan.

c. Kritik Politik

Kritik politik minangka satunggaling kritik ingkang dipunpangguhaken wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat. Kritik politik kalebet kritik sosial. Boten kathah kritik politik kapanggihaken ing panaliten menika. Kritik politik wonten ing panaliten menika cacahipun kalih kritik. Wondene kalih kritik kasebut inggih menika: ngandhelaken tiyang ingkang pangkatipun inggil kaliyan panggedhe dipunrumiyinaken.

Wondene andharanipun kritik politik kados wonten ing ngandhap menika. Kritik ingkang sepisan inggih menika kritik politik ngrumiyinaken panggedhe ing pajagongan. Anggenipun ngormati ingkang pangkatipun inggil menika maksudipun beda-beda. Wonten ingkang tulus ugi wonten ingkang wonten maksudipun. Wonten ing novel menika dipunsebataken bilih anggenipun ngormati tiyang ingkang apangkat inggil menika kanthi wonten maksudipun.

Dhata sepisan ngengingi kritik politik saged kapanggihaken wonten ing dhata ing ngandhap menika.

“sampun dados penggalih, inggih idhep-idhep ngemong ingkang gadhah griya. Mas bei Mangunripta punika kula rumiyinaken beksa.

“E, nun inggih, tiyang pancen leresipun makaten.”

“Kadospundi, Dhi, teka adhi cariyos leresipun?”

“lah tiyang kula mantri golongan pulisi, ngrika mantri nagari”

“Mantria nagari punika, tiyang mantri kasentanan”

Dhata kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Wonten ing Pajagongan. Wosing pethikan ing nginggil inggih menika nalika dipunaturi lenggah wonten ing salebetipun pasrawungan. Den Mas Mangunripta ngraosaken dipunbedakaken kamamngka piyambakipun kagolong priyantun.

Den Mas mangunripta rumaos boten jumbuh kaliyan pranatan kapriyantunan. Mila lajeng duka wonten ing pajagongan menika, kahanan menika malah ndamel ewuhioun para tamu. Wonten ing mriku amarga pulitiki ngandhelaken pangkat malah ndamel lingseming sadaya tiyang.

Kahanan menika ugi kalaksanan ing jaman samenika, Kathah tiyang ing sami nginggilaken ingkang apangkat inggil. Mila, saged dipunkritisi bilih sanadyan pangkatipun inggil menapa dene adhap kedah dipunlayani kados padatanipun. Tegesipun boten dipunbedak-bedaakken.

Kritik politik ingkang nomer kalih inggih menika ngandhelaken pangkat ingkang inggil. Pangkat minangka sarananing pandamelan. Pangkat saged dipunginakaken wonten ing kantor utawi papan pandamelan. Pangkat boten saged dipunginakaken wonten ing sajroning pasrawungan. Wonten ing novel menika saged kapanggihaken tiyang ingkang pankatipun inggil nggadahi sipat sawiyah-wiyah dhateng tiyang sanes.

“Kok ora nemu-nemu, ta?”

“mesthine ana sing dienteni”

“Ana kae, mesakke pengantene, arak tansah nggekeng”

“Arepa ngono-ngono, nek panggedhe durung rawuh.”

“Iya, ya, lawong panggedhe”

Dhata kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Wonten ing Pajagongan. Wosing pethikan ing nginggil inggih menika nalika dipunaturi lenggah wonten ing salebetipun pasrawungan. Den Mas Mangunripta ngraosaken dipunbedakaken kamamngka piyambakipun kagolong priyantun.

Den Mas mangunripta rumaos boten jumbuh kaliyan pranatan kapriyantunan. Mila lajeng duka wonten ing pajagongan menika, kahanan menika malah ndamel ewuhioun para tamu. Wonten ing mriku amarga pulitiki ngandhelaken pangkat malah ndamel lingseming sadaya tiyang.

Kahanan menika ugi kalaksanaan ing jaman samenika, Kathah tiyang ing sami nginggilaken ingkang apangkat inggil. Mila, saged dipunkritisi bilih sanadyan pangkatipun inggil menapa dene adhap kedah dipunlayani kados padatanipun. Tegesipun boten dipunbedak-bedaakken.

Kritik politik ingkang nomer kalih inggih menika ngandhelaken pangkat ingkang inggil. Pangkat minangka sarananing pandamelan. Pangkat saged dipunginakaken wonten ing kantor utawi papan pandamelan. Pangkat boten saged dipunginakaken wonten ing sajroning pasrawungan. Wonten ing novel menika saged kapanggihaken tiyang ingkang pankatipun inggil nggadahi sipat sawiyah-wiyah dhateng tiyang sanes.

d. Kritik Ekonomi

Kritik ekoomi minangka satunggaling kritik ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat. Kritik ekonomi kalebet kritik sosial. Boten kathah kritik ekonomi ingkang kapanggihaken ing panaliten menika. Kritik ekonomi wonten ing panaliten menika cacahipun setunggal kritik. Wondene setunggal kritik kasebut inggih menika: beboros arta.

Kritik ekonomi saged karembag kados wonten ing ngandhap menika. Kritik ekonomi ingkang namung setunggal inggih menika kritik ngengingi beboros arta. Ing jaman samenika kahanan sarwa nuntut supados menapa-menapa kedah ipunpunhdut. Mila, tiyang kangelan anggenipun ngatur utawi nata arta kangge ngatur pengeularan. Kahanan menika ingkang andadosaken tiyang tansah boros.

Ing novel Kirti Njunjung Drajat ugi dipunandharaken ngengingi beboros arta. Dhata beboros arta saged kapanggihaken wonten ing dhata ngandhap menika.

Panacad dhateng bangsa Jawi anggenipun taksih remen mbeboros arta, gadhah damel ageng-agengan, punapadene ingkang waragadipun saking sambutan, badhe panyauripun njagakaken sumbangan. Keplesedipun, bibar gadhah damel griyanipun kabur.

Pethikan kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Serat Kabar. Wosing pethikan kasebut ngandharaken bilih tiyang Jawi menika taksih kagolong masarakat ingkang taskih remen beboros arta. Beboros arta saha beboros sanesipun katitik saking a nggenipun ngawontanekn acara mesthi kemawon ageng-agengan.

Darba nyerat kahanan beborosipun tiyang Jawi menika wonten ing serat kabar. Wonten ing serat kabar Darba mbabar kahanan bab beboros arta kanthi gamblang. Kritik ekonomi ing jaman samenika, tiyang dipunangkah saged migunakaken arta kanthi gemi.

e. Kritik Ekologi Sastra

Kritik ekologi sastra wonten ing panaliten menika cacahipun wonten tiga. Tigang wujud Ekologi sastra kasebut inggih menika Nanem taneman supados saged kangge kalajengan gesang, njagi resikipun lepen, saha kahanan sampun wiwit panas. Kritik ekologi ingkang saged kapanggihaken wonten ing novel Kirti Njunjung Drajatkaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Kritik ekologi sastra ingkang sepisan inggih menika nanem taneman kangge kalajenganipun gesangipun bumi. Wonten ing novel kasebut dipuncariyosaken bilih latar papanipun wonten ing Jogja, Klaten, saha Sala. Kathah-kathahipun kaandharaken wonten ing saperengipun gunung Merapi. Lumantar seratan menika panganggit ngandharaken ngengingi kahananipun alam ingkang sarwa boten ijem malih. Lajeng panganggit ngandharaken supados tiyang saged wiwit nanem ijem-ijeman malih.

Wondene pethikanipun ing salebetipun novel kados wonten ing ngandhap menika.

Sukunipun redi Merapi ingkang sisih kidul Wetan, toyanipun gumpang, tulus ingkang sarwa tinanem. Ananging pasiten wau kathah ingkang boten dados kabudidayan. Umpami katanem rosan, tom, pantun mesthi tansah damel ayeming manah.

Dhata menika kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Wonten ing Dhusun. Wosing pethikan menika inggih ing sangandhapipun redi merapi kathah ingkang sarwa taksih gersang amargi bote katanem tetuwuhan ingkang damel ijemipun kahananipun redi merapi.

Saking pethikanm menika saged dipunpirsani bilih tiyang kedah sampun wiiwt remen anggenipun nanem tetuwuhan utawi reboisasi. Kagiyan menika supados saged ngijemaken malih kahananiipun alam.

Kritik ekologi ingkang nomer kalih inggih menika anjagi resikipun lepen. Kajawi latar papanipun wonten ing redi gunung merapi ugi wonten ing lepen. Dipuncariyosaken bilih kahananipun lepen sarwa reget. Pethikanipun novel saged kapanggihaken wonten ing ngandhap menika.

Kedhungipun satunggal lepen, toyanipun samenika bening, dados kaluruganipun lare padhusunan, samia adus aceciblon. Ing wanci tengange, sabibaring adus, alre kalih abebarakan nama Dalil kaliyan Jayus, watawis umur kalih welas taun, tansah njedhindhil sinambi resesik lepen ingkang dikebaki pang lan ron garing.

Wosing pethikan novel kasebut inggih menika latar papan kedhungipun tansah bening lan nengsemaken. Wonten ing ngriku saged dipuntingali kathah lare ingkang sami lelumban. Lare-lare ugi sami bebakaran. Ananging lare-lare ugi sinambi resesik lepen ingkang reged amargi ron-ron garing saha pang-pang.

Beda kaliyan ing jaman samenika bilih lepen sampun kathah rereget awujud sampah plastik. Sampah-sampah numpuk boten saged kaudar dening mikroorganisme. Kahanan menika ingkang andadosaken lepenipun tansah mbludak. Mila banjir asring dipunsebabaken amargi sampah-sampah ingkang sami numpuk.

Lumantar novel kasebut, panganggit paring kritikan supados ing jaman kapan kemawon kedah dipunjagi rsikipun. Menapa malih ing jaman samenika kathah-kathah wungkus plastik.

Kritik sosial ingkang nomer tiga inggih menika kahananipun bumi tansaya wiwit panas. Kahananipun bumi panas asring diunsebut *global warming*. Bumi wiwit panas ugi dipunsebabaken amargi kathah ingkang sami boten emut anggenipun njagi ijemipun bumi. Kahananipun bumi tansaya panas saged kapanggihaken wonten ing

Ing wanci sonten Darba adus dhateng lepen, amarga ngrao bilih kahanan siyang tansah benter, mantukipun sampun meh serap, lampahipun turut galenganing sabin.

Saking pethikan dhata kasebut saged dipunmangertosi bilih ing wanci sonten, Darba siram wonten ing lepen. Hawanipun sarwa panas kamangka sampun sonten. Kahananipun panas menika amargi sampun boten kathah tetuwuhan ingkang wonten ing sapinggiriipun lepen.

2. Pirembagan Andharanipun Kritik Sastra

Kritik wonten ing salebetipun sastra dipunandharaken kanthi cara ingkang neda-beda. Wonten ingkang kanthi cara langsung wonten ugi ingkang kanthi cara

boten langsung. Ing piremangan menika badhe kababar ngengi caranipun panganggit ngandharaken wujudipun kritik. Wondene andharanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Wondene andharanipun kritik kados wonten ing ngandhap menika.

a. Kritik Sosial Budaya

Kritik sosial budaya minangka satunggaling kritik ingkang dipunpangguhaken wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat. Kritik sosial budaya kalebet kritik sosial. Wonten ing panaliten menika kritik sosial budaya kapangguhaken paling kathah. Kritik Sosial budaya wonten ing panaliten menika cacahipun sedasa kritik. Wondene sedasa kritik kasebut inggih menika: Pandamelan, tiyang ingkang pangkatipun inggil, mbedakakae antawisipun tiyang apangkat inggil kaliyan andhap, kawibawan, wekdal Lelungan, gamanipun gesang ing alam donya, literasi kangge mbikak pamawas, samun ing Samudana, manut marang sadaya ingkang nyingkiri pranatan, gamaning gesang.

Wondene andharanipun kritik sosial budaya kados wonten ing ngandhap menika. Kritik ingkang sepisan inggih menika kritik pandamelan. Pandamelan minangka satunggaling rembagan ingkang kathah dipunandharaken ing salabetipun novel Kirti Njunjung Drajat. Kritik menika dipunandharaken kanthi cara langsung. Kritik pandamalen wonten ing salebetipun novel menika kadadosan wonten ing Subab irah-irahan Wonten ing Sepur. Nalika samanten Mas Bei Mangunripta sakulawarga wonten ing mergi nitih sepur saprelu tumuju Klaten kangge ndugeni pahargyan temanten.

Kritik pandamelan saged dipuntingali saking dhata menika:

Tembungipun Mas Bei Mangunripta punika tegesipun taksih tangkeh sagedipun dados priyantun, amargi adat kalimrahanipun, magang punika pancen pitu wolung taunan. Mas Bei lajeng pitaken dhateng Ki Mas Nayapada, “punapa putrane punika sampun saged nyerat jangkep, Mas?”

Wosing pethikan kasebut inggih menika Mas Bei Mangunripta ngandharaken dhateng Ki Mas Nayapada. Mas Bei ngandharaken bilih tiyang menika boten saged lajeng dados pegawai ananging wonten tatacaranipun. Tatacaranipun saderengipun minggah dados pegawai inggih menika ngabdi utawi magang. Magang dipunlaksanakaken dening sadaya calon pegawai. Magang menika dangunipun pitung dumugi wolung taunan.

Kritik sosial budaya ingkang saged kapendhet saking kritik kasebut inggih menika bilih ing jaman samenika kathah tiyang ingkang kepingin dados pegawai kanthi cara ingkang *instant*. Cara-cara kasebut mujudaken cara ingkang lepat. Cara-cara instat kasebut kadosta: kolusi, korupsi saha nepotisme.

Tiyang kathah ingkang boten sabar kangge ngentosi masa pengabdian. Pancem nalika ngabdi menika bayaranipun sekedhik. Kahanan ing jaman samenika kathah para calon pegawai ingkang boten sabar anggenipun ngabdi ing satunggaling papan. Miturur asilipun dhata sepisan menika, saged dipunpednhet piwulangipun bilih anggenipun nyamaptakaken dados pegawai menika boten namung raganipun kemawon ananging ugi raosipun. Raos sabar dhateng masa pengabdian ingkang dangunipun pitung dumugi wolung taunan.

Kritik sosial ingkang nomer kalih inggih menika tiyang ingkang pangkatipun inggil. Tiyang jawi gesang wonten ing ngalam donya menika tansah negenganken pangkat utawi jabatan wonten ing pandamelan. Wonten ing masarakat, tiyang ingkang kagungan pangkat ingkang inggil langkung dipunormati menawi katandhingaken tiyang ingkang pangkatipun langkung asor. Anggenipun ngormati kanthi cara-cara ingkang beda-beda. Satunggaling cara kangge ngormati tiyang ingkang pangkatipun inggil inggih menika kanthi migunakaken basa krama.

Ing salebetipun novel Kirti Njunjung Drajat menika ugi wonten kritik ingkang wosipun ngritik tiyang ingkang pangkatipun inggil. Wondene saged kapaanggihaken ing dhata kados wonten ing ngandhap menika.

Dene bangku sanesipun meh nyakawan sadaya, namung palinggihanipun Mas Bei Mangunripta punika dipunlinggehi ijen, amargi patrapipun linggih mujur ngebaki papan, selanipun ing pinggir dipun dekeki buntelan. Tetiyang dhusun sami ajrih ngesuk Mas Bei Mangunripta, dipunpilalah sami ngadeg awit sumerep menawi punika priyantun.

Dhata menika pikantuk saking Sub Bab Wonten ing Sepur, nalika samanten Mas Bei Mangunripta nembe wonten mergi badhe tumuju dhateng Klaten sakulawarganipun. Wosing dhata kasebut inggih menika Mas Bei Mangunripta anggenipun lenggahan wonten ing kursi sepur kanthi lenggah ing sainggilipun kursi cacahipun sekawan. Kursi cacahipun sekawan kasebut kedahipun saged dipunlenggahi dening tiyang cacahipun sekawan ananging namung dipunlenggahi setunggal tiyang kemawon, inggih menika Raden Mas Bei Mangunripta.

Tiyang wonten ing sakiwa-tengenipun mangertosi menawi ingkang lelenggahan menika priyantun. Mas Bei Mangunripta kacatet minangka pegawai ing Ngayogkarata. Bab menika ingkang andadosaken tiyang wonten ing sakiwa tengenipun Raden Mas Bei Mangunripta sami minggir amargi ngraos ajrih. Tiyang-tiyang wonten ing sakiwea tengenipun menika nglenggana awit Raden Mas Bei Mangunripta kagungan pangkat ingkang inggil. Menapa ingkang dipunlampahaken Raden Mas Bei Mangunripta menika kagolong tumindak ingkang sasekecanipun piambak.

Kritik sosial budaya awujud pangkat menika ugi kadadosan ing jaman samenika. Ing jaman menika kathah tiyang apangkat inggil ananging anggenipun gesang boten nyerminaken pangkatipun inggil. Kathah ingkng tumindakipun sawiyah-wiyah dhateng kawula alit. Tiyang apangkat inggil kados gahdha raos ingkang gedhe lan dhuwur mila sawiyah-wiyang dhateng tiyang alit.

Kritik sosial budaya ingkang nomer tiga inggih menika sami ambedakaken tiyang ingkang pangkatipun inggil kaliyan tiyang ingkang pangkatipun asor. Ing kritik sosial budaya nomer tiga menika taksih ngrembag ngengingi tiyang ingkang kagungan pangkat. Menawo wonten ing kritik sosial budaya dhata nomer kalih menika tiyang apangkat inggil sawiyah-wiyah dhateng kawula alit. Menawi dhata nomer tiga menika tiyang sami ambedakaken antawisipun tiyang ingkang apangkat inggil dhateng tiyang ingkang pangkatipun asor. Anggenipun mbedaken tiyang ingkang pangkatipun inggil lan tiyang ingkang pangkatipun asor saged dipuntingal kanthi cetha wonten ing dhata nomer tiga menika.

Dhata saged kapanggihaken wonten ing Sub Judul Wonten ing Sepur nalika kondhektur mriksa karcis dhateng ingkang nitih sepur. Dhatenipun kados makaten wonten ing ngandhap menika.

Kocapa, sareng sepur sampun lumampah malih, kondhektur lumebet ing gerbong mriksa karcis. Ingatasipun dagang pancenipun bingah ningali sesadayanipun pajeng laris. Ewasemanten tuwan kondhektur boten makaten, sumerep kathahing tiyang ingkang numpak, namung tansah ngeses saha muring-muring; tandhangipun grusa-grusu, tiyang ingkang sami ngadeg neseg-nesegi margi dipun suk purun, malah wonten ingkang dipunjorog-jorogaken. Dumadakan wonten tiyang dhusun mbekta pikulan, panganggenipun namung kathokan punika dhawah ngebruki Mas Bei Mangunripta. Mas Bei Mangunripta lajeng duka.

Dhata ing nginggil kapendhet saking Sub Irah-irahan Wonten ing Sepur. Nalika samanten Raden Mas Bei Mangunripta anggenipun lenggah wonten ing kursi ingkang cacahipun sekawan, kahananipun ingkang para nitih sepur rame sanget. Ingkang nitih sepur boten namung priyantun kemawon ananging wonten tiyang utawi masarakat sanes. Mila wonten ing sepur sami suk-sukan.

Nalika samanten wonten kundhektur ingkan badhe nariki karcis minangka tandha bukti dening masarakat ingkang sampun bayar. Kahananipun rame sanget, anggenipun nariki karcis ugi suk-sukan. Kondhektur mangertos bilih Raden Mas Bei Mangunripta aggenipun kenggah wonten ing sakinggilipun kursi cacah sekawan kanthi salonjor. Ananging kondhektur boten saged mgaturi kangge gantosan kaliyan masarakat panitih sanesipun.

Kacariyosaken bilih nalika kondhektur nariki karcis, wonten satunggaling tiyang dhusun ingkang mbekta pikulan ngebruki Mas Bei Mangunripta. Kahanan menika andadosaken Mas Bei Mangunripta duka. Mas Bei Mangunripta ndukani

tiyang dusun kasebut kanthi medalaken sadaya tembung-tembung kasaripun. Kondhektur ingkang ugi mirsani kadadosan menika boten ambela tiyang dusun malah ambela Mas Bei Mangunripta. Jalaran kondhektur mangertos bilih Mas Bei Mangunripta menika priyantun. Mila langkung dipunormati lan mbedakaken tiyang dusun ingkang ngebruki Mas Bei.

Kritik sosial budaya wonten ing dhata kasebut inggih awujud mbedakaken antawisipun priyantun kalihan tiyang alit. Wonten ing sepur, tiyang ingkang apangkat inggil saged pikantuk fasilitas ingkang langkung sae tinimban tiyang ingkang pangaktipun asor. Kondhektur ingkang gadhah kebijakan kangge ngatur para panitih sepur ugi boten saged paring pitulung tumrap ingkang para nitih sepur. Kabukten nalika mirsani kahanipun Raden Mas Bei Mangunripta lenggah wonten sainggilipun kursi cacah sekawan.

Kritik sosial budaya ingkang nomer tiga inggih menika kawibawan. Kawibawan minangka perangan ingkang wigatos wonten ing masarakat. Padatanipun kawibawan dumunung wonten ing tiyang apangkat inggil. Tiyang ingkang apangkat inggil kedah njagi kawibawanipun sudapados saged dipunormati dening masarakat. Kawibawan minangka sipat wajib ingkang kedah dipungadhahi dening tiyang apangkat. Kawibawan menika kaginakaken kangge tiyang supados saged mandegani masarakat minangka pamimpin.

Ananging beda kaliyan ingkang dipuncariyosaken wonten ing novel menika. Kawibawan boten namung dumunung wonten ing tiyang ingkang apangkat inggil kemawon. Kepara malah tiyang ingkang apangkat inggil boten

gadhadh kawibawan. Kawibawan saged katitik saking anggenipun tiyang apangkat inggil dhateng tiyang alit. Ing cariyos novel menika, tiyang ingkang apangkat inggil mlaha sawiyah-wiyah dhateng tiyang ingkang apangkat alit. Kritik sosial budaya awujud kawibawan menika saged dipuntingali wonten ing dhata nomer sekawan. Dhata kasebut kados wonten ing andhap menika.

Sepisan, nalika wonten ing sepur. Kajening kapriyantunan punika pancen sampun cumithak wonten ing pikiranipun Darba. Nanging ingatasipun bregasipun semanten, teka dipunkuya-kuya kondhektur sebab namung saking boten ngertos bilih bangku punika kedah dipunlinggahi bangku tiyang tiga. Kaliyan malih kajening kapriyantunan punika punapa namung wonten jagadipun piyambak, tegesipun namung sami kanca-kancanipun. Tumrap sawanganipun bangsa sanes, pangertosan punapa langkung dipunajeni.

Wosing dhata kasebut inggih menika paraga ingkang asmanipun Darba kagungan watek wibawa saking batosipun. Darba minangka salah satunggaling panumpang sepur ingkang tumuju dhateng Klaten. Anggenipun lenggah, Darba cerak kaliyan De Bei Mangunripta.

Darba minangka nem-neman ingkang yuswanipun langkung enem tinimbang Den Bei Mangunripta. Ing kadadosan menika, Den Bei Mangunripta ingkang sawiyah-wiyah dhateng kawula alit boten dpunremeni dening Darba. Miturut Darba, kedahipun watek priyantun boten pareng kados makaten. Mila, ing wekdal menika piyambakipun wantun ngaturi Den Bei saprelu saged gegantosan panggon kangge nglenggahi sekawan kursi.

Kritik sosial budaya ingkang saged kapendhet inggih menika bilih kawibawan menika boten namung dumunung wonten ing jiwaniipun priyantun

kemawon. Kawibawan uga boten gumantung kaliyan yuswanipun tiyang. Ananging ing jaman samenika kathah para nayaka praja ugi ngraos geumbedhe amargi gadhah pangkat. Para nayaka sami sawiyah-wiyah dhateng kawula alit.

Kritik sosial budaya nomer gangsal inggih menika kritik ngengingi wekdal lelungan. Wekdal Lelungan. Anggenipun llungan, tiyang Jawi nggatosaken sanget wekdal. Ing cariyos menika kacariyosaken nalika lelungan nalika wekdal sonten. Kepara malah wonten petungan ingkang dipunetung saderengipun lelungan tebih. Petungan menika katujokaken supados anggenipun lelungan nemahi slamet. Mila, tiyang Jawi pitados bilih petungan kedah dipunwontenaken saderengipun lelungan.

Ing Novel Kirti Njunjung Drajat ugi dipunandharaken ngenigi anggenipun wekdal lelungan. Dhata ingkang saged dipunpanggihi ngengingi wekdal lelungan inggih menika kados wonten ing ngandhap menika.

“Kretane Bendara Raya ajeng methuk teng sepur?”

“Kathik nganggo mandheg barang.”

“Darya, ta, sing mampir mriki.”

“E, dadi tegese Darya melu methuk, ta. Heh, awan-awan jam telu teka lungan.”

Dhata kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Pecahing Pikiranipun Para Nem-Neman. Wosing dhata kasebut nyariyosaken nalika Draya badhe methuk Den Bei Mangunripta sakulawarga dhateng stasiun nitih kereta. Saderngipun mapak, Darya pamitan kaliyan ibunipun. Bibar dipunpamiti ibunipun ndangu bab wekdal kangge lelungan kok siyang-siyang pukul tiga.

Ing jaman samenika anggenipun lelungan boten dipunpetung. Kathah tiyang anggenipun lelungan ugi namung enggal tindak kemawon tanpa dipunpriksa wekdalipun. Ibunipun Darya menging supados anggenipun lelungan ampun pukul tiga mesthi wonten pawadanipun. Pawadanipun inggih menika suapados wonten mergi boten macet. Pukul tiga menika pukul kathah-kathahipun tiyang sami kondur saking kantor. Mila, supados boten dangu wonten ing mergi, Ibunipun menging anggenipun lelungan ampun pukul tiganan.

Ibunipun Darya ugi menging supados anggenipun lelungan ampun siyang-siyang. Bab menika amargi menawi lelungan siyang-siyang menika kahananipun alam sarwa panas. Mila, supados boten keranta-ranta wonten ing mergi, Darya dipunpenging ibunipun.

Kritik sosial ingkang saged kajumbuhaken ing jaman menika inggih menika anggenipun lelungan sarwa boten nggatosaken wekdal. Kepara malah anggenipun mertamu boten nggatosaken wekdal. Kathah ingkang anggenipun mertamu wanci ingkang boten trep. Mila, saking novel menika tiyang dipunangkah anggenipun lelungan saha mertamu saged nggatosaken wekdal.

Kritik sosial budaya ingkang nomer enem inggih menika kritik ngengingi gamanipun gesang ing alam donya. Ing novel, Darba dipunemutaken anggenipun gesang wonten ing alam donya menika gamanipun boten namung pandamelan kemawon, ananging ugi sipat ingkang sae saha maringi munpangat dhateng tiyang sakiwa-tengipun. Kathah tiyang ingkang kesupen anggenipun gesang wonten ing

alam donya menika kedah srawung sosial. Piyambakipun boten saged gesang piyambakan.

Kritik sosial menika kapendhet wonten ing sub irah-irahan Pecahing Pikiranipun Para Nem-neman. Dhata nomer enem menika saged diwaos wonten ing pethikan ing ngandhap menika.

Tembungipun embok ingkang mungel, “saulihmu saka seba, kok wis ora mikir pamagangmu.” Punika wonten cocogipun kaliyan welingipun guru, makaten, “saiki kowe wus rampung pasinaonmu, nanging aja rumangsa wis dadi wong pinter. Sumurupa, upama kawruh-kawruh iku ana sajroning gedhong, kowe kuwi lagi nyekel soroge. Yen sorog iku kok kanthongi bae, kowe iya bakal ora sumurup sajroning gedhong, malah sorogmu tainen. Mulane ing besuk sorogmu kuwi pigunakna, ya iku sing sregep maca layang-layang, lan dhemen tetakon.

Wosing dhata ing nginggil inggih menika nalika embok maringi kawruh dhateng Darba. Nalika samanten Darba samun purna saking anggenipun sinau. Ibunipun Darba meling marang Darba bilih supados menapa ingkang dipunsinau wonten ing pamulangan saged migunan kedah dipungunakaken kanthi saestu. Supados kawruh kasebut saged migunani tumraping liyan boten namung kangge dhiri pribadhinipun piyambak. Ananging ing novel kasebut dipuncariyosaken bilih Darba taksih badhe nglelimbangaken malih anggenipun badhe migunakaken ngelmunipun saking pamulangan.

Kritik sosial ingkang saged kapanggihaken wonten ing pethikan kasebut ngemutaken bilih anggenipun lulus saking pamulangan boten saged kawastanan pinter. Tiyang kedah tansah sarwa emut bilih sasampunipun rampung saking pamulangan dipunpindhakaken bilih tiyang ingkang nyepng ubarampenipun

kemawon. Ubarampe kasebut menawai boten dipungunakaken kanthi temenan malah boten saged migunani. Tegesipun, anggenipun sinau kedah dipunandharaken dening tiyang sanes utawi dipunamalaken dhateng tiyang sanes supados ngelmu kasebut boten namung piguna kangge dhiri pribadhinipun piyambakananging ugi tiyang sanes.

Kritik sosial nomer pitu inggih menika sregel literasi kangge mbikak pamawas. Ing salebetipun novel dipunandharaken bilih nalika Darba remen maos-maos serat kabar. Ing ngriku Darba ngemutaken bilih wigatosipun literasi menika kangge mbikak pamawas. Kritik-kritik menika jumbuh kaliyan kahanan ing jaman samenika bilih kathah tiyang ingkang literasinipu taksih andhap.

Literasi kaginakaken kangge mbika wawasanipun pamaos. Tiyang ingkang literasinipun sae utawi kathah saged nyambung menawi dipunajak rembagan kaliyan tiyang sanes. Kejawi menika, tiyang ingkang remen literasi kathah-kathaahipun saged langkung pana bab menapa kadadosanipun ing jaman samenika. Wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat ugi kasebutaken bilih tiyang kedah remen anggenipun literasi. Literasi menika saged dipuntingali wonten ing pethikan dhata nomer pitu. Wondene pethikan dhatanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Anggenipun Darbe maos serat kabar punika dados senengan ageng. Ing saben dinten prasasat boten kendhat pamaosanipun ing serat kabar, sampun mesthi kemawon seserepanipun saya mindhak, pikiranipun tansah lumampah.

Dhata kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Pamecahing Pikiranipun Nem-neman. Wosing dhata menika inggih anggenipun maos serat kabar, Darbe seneng sanget. Serat kabar ingkang dipunwaos dening Darba menika saged dipunginakaken kangve Darbe mbikak pamawas. Pamawasipun Darba saged mindhak amargi maos serat kabar saben dintenipun.

Kritik sosial ingkang saged kapendhet inggih menika lumantar pethikan dhata kasebut bilih tiyang jaman semenika kathah ingkang boten saged remen anggenipun maos lan nyerat. Jaman samenika, sadaya tiyang kedah remen anggenipun maos lan nyerat. Maos lan nyerat menika katujokaken kangge mbikak pamawas supados kawruhipun mindhak. Satemah anggenipun rembagan saged sambet antawisipun tiyang setunggal dhateng tiyang sanesipun.

Kritik sosial nomer wolu inggih menika Samun ing Samudana. Samun ing samudana inggih menika nyingitaken sadaya maksud. Tiyang nyingitaken maksud menika dipunginakaken kangge ngormati tiyang sanes. Mila, tiyag ing jaman menika kedah saged tengen kangge mengrtosi maksud tiyang sanes. Annanging boten kathah ingkang saged tengen. Ing novel dipuncariyosaen bilih Darba anggenipun paring pamrayogi boten lajeng dumugi parakawisipun ananging kanthi nyingitaken sadaya kakajenganipun.

Dhata nomer wolu kapanggihaken ing sub irah-irahan Wonten ing Dhusun. Dhata nomer wolu saged dipuntingali wonten ing pethikan novel ing ngandhap menika. Dhata kasebut inggih menika:

Darba kepeksa matur, “sanajan kula kerep damel karangan wonten serat kabar, nanging boten nate nuju tiyang, agengipun ngawon-awon. Ingang kula rembag mesthi kabetahaning ngumum.”

Wosing dhata kasebut nyariyosaken nalika Darba nyerat serata wonten ing seraty kabar. Dipuncariyosaken bilih kathah tiyang ingkang boten sarujuk kaliyan seratanipun Darba. Bab menika andadosaken Darba greget kangge ngandharaken pawadanipun. Darba ngandharaken bilih menapa ingkang dipunandharaken pancen wosipun kritik, ananging boten dipunandharaken kanthi langsung. Kritik kasebut dipunsingitaken.

Kritik nomer sanga inggih menika manut marang sadaya ingkang nyingkiri pranatan. Dipuncariyosaken bilih kathah ingkang nerak paugeran. Lajeng wonten sawatawis tiyang ingkang ngemutaken tiyang-tiyang ingkang nyingkiri bebener kasebut. Ing jaman samenika boten kathah ingkang kuwawi ngemutaken tiyang ingkang nyingkiri bebener. Padatanipun tiyang boten wantun kangge nyingiri bebener kasebut.

Dhata nomer sanga menika dipunpanggihaken ing sub irah-irahan Wonten ing Dhusun. Pethikan dhata kasebut kados wonten ing ngandhap menika.

Juru Serat: “Inggih kawengku, nanging manawi sakinten adamel kauntungan, sasaged-saged mesthi dipunsingkiri.”

Darba: “O, tegesipun panjenengan punika manut dhateng ingkang nyingkiri pranatan. Hla punika, memper kemawon pekewed, tiyang nindhakaken prakawis kalih warni ingkang kosok wangsul.”

Wosing dhata kasebut inggih menika nalika Darba kepanggih kaliyan juru serat. Wonten ing ngriku, juru serat nyerat satunggaling seratan ingkang wosipuj boten saged dipunpitados. Darba ngemutaken bab kagiyatan ingkang boten leres menika, ananing juru serat boten anggatosaken menapa ingkang dipunngendhkaaken Darba.

Ing jaman samenika tiyang ingkang sami boten wantun kangge ngemutaken dhateng tiyang ingkang sarwa nyingkiri bebener. Kepara malah mendel kemawon. Kritik sosial menika tansah ngemutaken bilih ing jaman seamenika tiyang kedah wantun anggenipun nyingkiri bebener.

Kritik sosial ingkang pungkasan inggih menika gamaning gesang. Tiyang gesang ing ngalam donya boten saged namung ndherek utawi boten gadhah prinsip. Ing cariyos kasebut dipuncariyosaken bilih Darba menika badhe kecalan prinsipipun. Dhata ngengingi gamanipun gesang saged dipunpanggihaken wonten ing pethikan novel ing ngandhap menika.

Nanging Makaten punika Darba namung katut ombyaking kathah, lripun anak piyantun limrahipun dados priyantun, mangka nalika pamagangipun Darba angsal tigang taun, sampun kadhedharen raos boten sekeca, saya malih sareng Darba mindhak-mindhak seserepanipun, dening remenipun maos buku-buku saha serat kabar.

Pethikan cariyos menika kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Wonten ing Dhusun. Wosing cariyos kasebut inggih menika nerangaken bilih gamanipun gesang menika boten namung pikantuk saking sekolah kemawon ananging ugi saking masarakat.

b. Kritik Moral

Kritik Moral minangka satunggaling kritik ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat. Kritik moral kalebet kritik sosial. Boten kathah kritik moral kapanggihaken ing panaliten menika. Kritik moral wonten ing panaliten menika cacahipun tigang kritik. Wondene tigang kritik kasebut inggih menika: ngormati dhateng tiyang sanes, njagi raosipun tiyang sanes, ngormati dhateng tiyang sanes, atur pangapura. Wondene pirembaganipun kados wonten ing ngandhap menika.

Kritik moral ingkang sepisan inggih menika ngormati dhateng tiyang sanes. Ngormati minangka satunggaling unggah-ungguh wonten ing masarakat. Wonten ing masarakat, unggah-ungguh dipuntindakaken supados tiyang saged sesambten lan tulung tinulung kaliyan tiyang sanes. Ananging ing jaman samenika boten kathah ingkang saged ngormati tiyang sanes. Wonten ing Novel menika ugi dipunsebataken kritik kangge ngormati tiyang sanes, wondene wujud dhata kados wonten ing ngandhap menika.

Tamu ingkang ageng piyambak Den Bei Dhistik, dipunaturi larih, lajeng ngajak onderipun. Ingkang makaten punika saya ndadosaken nepsunipun Mas Bei Mangunripta, mila sanajan sadaya tamu sami ngadeg ngepang ingkang beksa, urun kepok saweneh nggerong, Mas Bei Mnagunripta lenggah kemawon, malah lajeng ngombe jenewer plepak-plepek, ngantos rainipun abrit manang-manang.

Dhata kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Pecahing Pikiranipun Para Nem-Neman. Wosing dhata kasebut nyariyosaken nalika Draya badhe methuk Den Bei Mangunripta sakulawarga dhateng stasiun nitih kereta. Saderngipun mapak, Darya pamitan kaliyan ibunipun. Bibar dipunpamiti ibunipun ndangu bab wekdal kangge lelungan kok siyang-siyang pukul tiga.

Ing jaman samenika anggenipun lelungan boten dipunpetung. Kathah tiyang anggenipun lelungan ugi namung enggal tindak kemawon tanpa dipunpriksa wekdalipun. Ibunipun Darya menging supados anggenipun lelungan ampun pukul tiga mesthi wonten pawadanipun. Pawadanipun inggih menika suapados wonten mergi boten macet. Pukul tiga menika pukul kathah-kathahipun tiyang sami kondur saking kantor. Mila, supados boten dangu wonten ing mergi, Ibunipun menging anggenipun lelungan ampun pukul tiganan.

Ibunipun Darya ugi menging supados anggenipun lelungan ampun siyang-siyang. Bab menika amargi menawi lelungan siyang-siyang menika kahananipun alam sarwa panas. Mila, supados boten keranta-ranta wonten ing mergi, Darya dipunpenging ibunipun.

Kritik sosial ingkang saged kajumbuhaken ing jaman menika inggih menika anggenipun lelungan sarwa boten nggatosaken wekdal. Kepara malah anggenipun mertamu boten nggatosaken wekdal. Kathah ingkang anggenipun mertamu wanci ingkang boten trep. Mila, saking novel menika tiyang dipunangkah anggenipun lelungan saha mertamu saged nggatosaken wekdal.

Kritik sosial ingkang nomer kalih inggih menika njagi raosipun tiyang sanes. Wonten ing pasrwungan tiyang kedah saged njagi raosipun tiyang sanes. Sampun ngantos damel seriking sanes. Ananging ing jaman samenika kathah tiyang ingkang boten mangertos kahanan menika. Wonten ing novel ugi dipunsebutaken ngengingi boten ngurmatinipun dhateng tiyang sanes. Dhate kasebut saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

Lah, ya ngono, prelune celak priyayi kuwi mundhak dekung. Kae lo, kakangmu Darya, kuwi kanca benggala. Wong tuwa kuwi nek anake kethok, anane mung bungahLuwih maneh banjur bisa megar payunge, apa maneh sing digoleki, kono dumununging pangaji-aji, isih jaka wis dadi priyayi, nek arep golek sing glendar-glender sewu sasisih bae ngembyah.

Dhata menika pikantuk saking Sub Bab Wonten ing Sepur, nalika samanten Mas Bei Mangunripta nembe wonten mergi badhe tumuju dhateng Klaten sakulawarganipun. Wosing dhata kasebut inggih menika Mas Bei Mangunripta anggenipun lenggahan wonten ing kursi sepur kanthi lenggah ing sainggilipun kursi cacahipun sekawan. Kursi cacahipun sekawan kasebut kedahipun saged dipunlenggahi dening tiyang cacahipun sekawan ananging namung dipunlenggahi setunggal tiyang kemawon, inggih menika Raden Mas Bei Mangunripta.

Tiyang wonten ing sakiwa-tengenipun mangertosi menawi ingkang lelenggahan menika priyantun. Mas Bei Mangunripta kacatet minangka pegawai ing Ngayogkarata. Bab menika ingkang andadosaken tiyang wonten ing sakiwa-tengenipun Raden Mas Bei Mangunripta sami minggir amargi ngraos ajrih. Tiyang-tiyang wonten ing sakiwea tengenipun menika nglenggana awit Raden Mas Bei Mangunripta kagungan pangkat ingkang inggil. Menapa ingkang dipunlampahaken Raden Mas Bei Mangunripta menika kagolong tumindak ingkang sasekecanipun piambak.

Kritik moral awujud pangkat menika ugi kadadosan ing jaman samenika. Ing jaman menika kathah tiyang apangkat inggil ananging anggenipun gesang boten nyerminaken pangkatipun inggil. Kathah ingkng tumindakipun sawiyah-

wiyah dhateng kawula alit. Tiyang apangkat inggil kados gahdha raos ingkang gedhe lan dhuwur mila sawiyah-wiyang dhateng tiyang alit.

Kritik moral ingkang nomer tiga inggih menika atur pangapura. Limrahiun tiyang ingkang numindhakaken lepat menika nyuwun pangapura. Atur pangapura menika andadosaken tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun saged gesang sesarengan kanthi sae. Dhata ingkang saged kapanggihaken inggih menika wonten ing ngandhap menika.

Kejawi punika Mas Demang mawi pratela manawi wonten lepatipun ing tindak, nyuwun pangapunten. Nanging Mas Bei Mangunripta boten ngrewes babar pisan, malah nyenthulani.

Wondene andharanipun kritik moral kados wonten ing ngandhap menika. Wosing pethikan kasebut inggih menika Mas Bei Mangunripta ngandharaken dhateng Ki Mas Nayapada. Mas Bei ngandharaken bilih tiyang menika boten saged lajeng dados pegawai ananging wonten tatacaranipun. Tatacaranipun saderengipun minggah dados pegawai inggih menika ngabdi utawi magang. Magang dipunlaksanakaken dening sadaya calon pegawai. Magang menika dangunipun pitung dumugi wolung taunan.

Kritik sosial budaya ingkang saged kapendhet saking kritik kasebut inggih menika bilih ing jaman samenika kathah tiyang ingkang kepingin dados pegawai kanthi cara ingkang *instant*. Cara-cara kasebut mujudaken cara ingkang lepat. Cara-cara instat kasebut kadosta: kolusi, korupsi saha nepotisme.

Tiyang kathah ingkang boten sabar kangge ngentosi masa pengabdian. Pancem nalika ngabdi menika bayaranipun sekedhik. Kahanan ing jaman samenika kathah para calon pegawai ingkang boten sabar anggenipun ngabdi ing satunggaling papan. Miturut asilipun dhata sepisan menika, saged dipunpednhet piwulangipun bilih anggenipun nyamaptakaken dados pegawai menika boten namung raganipun kemawon ananging ugi raosipun. Raos sabar dhateng masa pengabdian ingkang dangunipun pitung dumugi wolung taunan.

c. Kritik Politik

Kritik politik minangka satunggaling kritik ingkang dipunpangguhaken wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat. Kritik politik kalebet kritik sosial. Boten kathah kritik politik kapanggihaken ing panaliten menika. Kritik politik wonten ing panaliten menika cacahipun kalih kritik. Wondene kalih kritik kasebut inggih menika: ngandhelaken tiyang ingkang pangkatipun inggil kaliyan panggedhe dipunrumiyinaken.

Wondene andharanipun kritik politik kados wonten ing ngandhap menika. Kritik ingkang sepisan inggih menika kritik politik ngrumiyinaken panggedhe ing pajagongan. Anggenipun ngormati ingkang pangkatipun inggil menika maksudipun beda-beda. Wonten ingkang tulus ugi wonten ingkang wonten maksudipun. Wonten ing novel menika dipunsebataken bilih anggenipun ngormati tiyang ingkang apangkat inggil menika kanthi wonten maksudipun.

Dhata sepisan ngengingi kritik politik saged kapanggihaken wonten ing dhata ing ngandhap menika.

*“sampun dados penggalih, inggih idhep-idhep ngemong ingkang gadhah griya.
Mas bei Mangunripta punika kula rumiyinaken beksa.*

“E, nun inggih, tiyang pancen leresipun makaten.”

“Kadospundi, Dhi, teka adhi cariyos leresipun?”

“lah tiyang kula mantri golongan pulisi, ngrika mantri nagari”

“Mantria nagari punika, tiyang mantri kasentanan”

Dhata kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Wonten ing Pajagongan. Wosing pethikan ing nginggil inggih menika nalika dipunaturi lenggah wonten ing salebetipun pasrawungan. Den Mas Mangunripta ngraosaken dipunbedakaken kamamngka piyambakipun kagolong priyantun.

Den Mas mangunripta rumaos boten jumbuh kaliyan pranatan kapriyantunan. Mila lajeng duka wonten ing pajagongan menika, kahanan menika malah ndamel ewuhioun para tamu. Wonten ing mriku amarga pulitiki ngandhelaken pangkat malah ndamel lingseming sadaya tiyang.

Kahanan menika ugi kalaksanan ing jaman samenika, Kathah tiyang ing sami nginggilaken ingkang apangkat inggil. Mila, saged dipunkritisi bilih sanadyan pangkatipun inggil menapa dene adhap kedah dipunlayani kados padatanipun. Tegesipun boten dipunbedak-bedaakken.

Kritik politik ingkang nomer kalih inggih menika ngandhelaken pangkat ingkang inggil. Pangkat minangka sarananing pandamelan. Pangkat saged dipunginakaken wonten ing kantor utawi papan pandamelan. Pangkat boten saged dipunginakaken wonten ing sajroning pasrawungan. Wonten ing novel menika

saged kapanggihaken tiyang ingkang pankatipun inggil nggadhahi sipat sawiyah-wiyah dhateng tiyang sanes.

“Kok ora nemu-nemu, ta?”

“mesthine ana sing dienteni”

“Ana kae, mesakke pengantene, arak tansah nggekeng”

“Arepa ngono-ngono, nek panggedhe durung rawuh.”

“Iya, ya, lawong panggedhe”

Dhata kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Wonten ing Pajagongan. Wosing pethikan ing nginggil inggih menika nalika dipunaturi lenggah wonten ing salebetipun pasrawungan. Den Mas Mangunripta ngraosaken dipunbedakaken kamamngka piyambakipun kagolong priyantun.

Den Mas mangunripta rumaos boten jumbuh kaliyan pranatan kapriyantunan. Mila lajeng duka wonten ing pajagongan menika, kahanan menika malah ndamel ewuhioun para tamu. Wonten ing mriku amarga pulitiki ngandhelaken pangkat malah ndamel lingseming sadaya tiyang.

Kahanan menika ugi kalaksanan ing jaman samenika, Kathah tiyang ing sami nginggilaken ingkang apangkat inggil. Mila, saged dipunkritisi bilih sanadyan pangkatipun inggil menapa dene adhap kedah dipunlayani kados padatanipun. Tegesipun boten dipunbedak-bedaakken.

Kritik politik ingkang nomer kalih inggih menika ngandhelaken pangkat ingkang inggil. Pangkat minangka sarananing pandamelan. Pangkat saged dipunginakaken wonten ing kantor utawi papan pandamelan. Pangkat boten saged

dipunginakaken wonten ing sajroning pasrawungan. Wonten ing novel menika saged kapanggihaken tiyang ingkang pankatipun inggil nggadahi sipat sawiyah-wiyah dhateng tiyang sanes.

c. Kritik Ekonomi

Kritik ekoomi minangka satunggaling kritik ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat. Kritik ekonomi kalebet kritik sosial. Boten kathah kritik ekonomi ingkang kapanggihaken ing panaliten menika. Kritik ekonomi wonten ing panaliten menika cacahipun setunggal kritik. Wondene setunggal kritik kasebut inggih menika: beboros arta.

Kritik ekonomi saged karembag kados wonten ing ngandhap menika. Kritik ekonomi ingkang namung setunggal inggih menika kritik ngengingi beboros arta. Ing jaman samenika kahanan sarwa nuntut supados menapa-menapa kedah ipunpunhdut. Mila, tiyang kangelan anggenipun ngatur utawi nata arta kangge ngatur pengeularan. Kahanan menika ingkang andadosaken tiyang tansah boros.

Ing novel Kirti Njunjung Drajat ugi dipunandharaken ngengingi beboros arta. Dhata beboros arta saged kapanggihaken wonten ing dhata ngandhap menika.

Panacad dhateng bangsa Jawi anggenipun taksih remen mbeboros arta, gadhah damel ageng-agengan, punapadene ingkang waragadipun saking sambutan, badhe panyauripun njagakaken sumbangan. Keplesedipun, bibar gadhah damel griyanipun kabur.

Pethikan kasebut kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Serat Kabar. Wosing pethikan kasebut ngandharaken bilih tiyang Jawi menika taksih kagolong masarakat ingkang taskih remen beboros arta. Beboros arta saha beboros

sanesipun katitik saking a nggenipun ngawontanekn acara mesthi kemawon ageng-agengan.

Darba nyerat kahanan beborosipun tiyang Jawi menika wonten ing serat kabar. Wonten ing serat kabar Darba mbabar kahanan bab beboros arta kanthi gamblang. Kritik ekonomi ing jaman samenika, tiyang dipunangkah saged migunakaken arta kanthi gemi.

d. Kritik Ekologi Sastra

Kritik ekologi sastra wonten ing panaliten menika cacahipun wonten tiga. Tigang wujud Ekologi sastra kasebut inggih menika Nanem taneman supados saged kangge kalajengan gesang, njagi resikipun lepen, saha kahanan sampun wiwit panas. Kritik ekologi ingkang saged kapanggihaken wonten ing novel Kirti Njunjung Drajatkaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Kritik ekologi sastra ingkang sepisan inggih menika nanem taneman kangge kalajenganipun gesangipun bumi. Wonten ing novel kasebut dipuncariyosaken bilih latar papanipun wonten ing Jogja, Klaten, saha Sala. Kathah-kathahipun kaandharaken wonten ing saperengipun gunung Merapi. Lumantar seratan menika panganggit ngandharaken ngengingi kahananipun alam ingkang sarwa boten ijem malih. Lajeng panganggit ngandharaken supados tiyang saged wiwit nanem ijem-ijeman malih.

Wondene pethikanipun ing salebetipun novel kados wonten ing ngandhap menika.

Sukunipun redi Merapi ingkang sisih kidul Wetan, toyanipun gumpang, tulus ingkang sarwa tinanem. Ananging pasiten wau kathah ingkang boten dados kabudidayan. Umpami katanem rosan, tom, pantun mesthi tansah damel ayeming manah.

Dhata menika kapanggihaken wonten ing sub irah-irahan Wonten ing Dhusun. Wosing pethikan menika inggih ing sangandhapipun redi merapi kathah ingkang sarwa taksih gersang amargi bote katanem tetuwuhan ingkang damel ijemipun kahananipun redi merapi.

Saking pethikanm menika saged dipunpirsani bilih tiyang kedah sampun wiiwt remen anggenipun nanem tetuwuhan utawi reboisasi. Kagiyan menika supados saged ngijemaken malih kahananiipun alam.

Kritik ekologi ingkang nomer kalih inggih menika anjagi resikipun lepen. Kajawi latar papanipun wonten ing redi gunung merapi ugi wonten ing lepen. Dipuncariyosaken bilih kahananipun lepen sarwa reget. Pethikanipun novel saged kapanggihaken wonten ing ngandhap menika.

Kedhungipun satunggal lepen, toyanipun samenika bening, dados kaluruganipun lare padhusunan, samia adus aceciblon. Ing wanci tengange, sabibaring adus, alre kalih abebarakan nama Dalil kaliyan Jayus, watawis umur kalih welas taun, tansah njedhindhil sinambi resesik lepen ingkang dikebaki pang lan ron garing.

Wosing pethikan novel kasebut inggih menika latar papan kedhungipun tansah bening lan nengsemaken. Wonten ing ngriku saged dipuntingali kathah lare

ingkang sami lelumban. Lare-lare ugi sami bebakaran. Ananging lare-lare ugi sinambi reresik lepen ingkang reged amargi ron-ron garing saha pang-pang.

Beda kaliyan ing jaman samenika bilih lepen sampun kathah rereget awujud sampah plastik. Sampah-sampah numpuk boten saged kaudar dening mikroorganisme. Kahanan menika ingkang andadosaken lepenipun tansah mbludak. Mila banjir asring dipunsebabaken amargi sampah-sampah ingkang sami numpuk.

Lumantar novel kasebut, panganggit paring kritikan supados ing jaman kapan kemawon kedah dipunjagi rsikipun. Menapa malih ing jaman samenika kathah-kathah wungkus plastik.

Kritik sosial ingkang nomer tiga inggih menika kahananipun bumi tansaya wiwit panas. Kahananipun bumi panas asring diunsebut *global warming*. Bumi wiwit panas ugi dipunsebabaken amargi kathah ingkang sami boten emut anggenipun njagi ijemipun bumi. Kahananipun bumi tansaya panas saged kapanggihaken wonten ing

Ing wanci sonten Darba adus dhateng lepen, amarga ngrao bilih kahanan siyang tansah benter, mantukipun sampun meh serap, lampahipun turut galenganing sabin.

Saking pethikan dhata kasebut saged dipunmangertosi bilih ing wanci sonten, Darba siram wonten ing lepen. Hawanipun sarwa panas kamangka sampun sonten. Kahananipun panas menika amargi sampun boten kathah tetuwuhan ingkang wonten ing sapinggiriipun lepen.

C. Watesaning Panaliten

Panaliten kanthi irah-irahan Kajian Sosio-Ekokritik Sastra Ing Salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat Anggitanipun R.Tg Jasawidaga menika naming ngrembag ngengingi wujudipun sosio-ekokritik sastra saha caranipun ngandharaken wujud sosio-ekokritik sastra ing salabetipun novel Kirti Njunjung Drajat. Wondene panaliti boten nggayutaken kalihan pagesanganipun panganggit, inggih R.Tg jasawidagda.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan bab *sosio-ekokritik sastra ing salebetipun novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda* ingkang sampun kaandharaken wonten ing bab saderengipun saged dipunpendhet dudutanipun ing ngandhap menika.

Adhedhasar wosing *novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda* saged kapendhet sosio-ekokritik sastra. Wujudipun sosio-ekokritik sastra wonten 22 sosio-ekokritik sastra. Wondene 22 sosio-ekokritik sastra kasebut kaperang dados sekawan. Sekawan perangan kasebut inggih menika sedasa kritik sosial-budaya, sekawan kritik moral, kalih kritik politik, setunggal kritik ekonomi, saha tiga kritik ekologi. Wosipun kritik menika saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Kriti Sosial-Budaya